



## Ti KONSÈY SOU ZAFÈ RANJE MACHIN

### Divizyon Zafè Konsomatè

Misyon Divizyon Zafè Konsomatè Konte Broward la (Broward County Consumer Affairs Division) se pwoteje ak edike konsomatè yo. Ranje machin se youn nan bagay konsomatè yo fè pi plis. Dekrè pou Kontwòl Reparasyon Machin Konte Broward la (Broward County Auto Repair Regulatory Ordinance) ak Lwa sou Reparasyon Machin Florida la (Florida Motor Vehicle Repair Act), tou de la pou pwoteje ou. Brochi sa a pral reponn anpil nan keksyon ou epi li pral ba ou enfòmasyon sou dwa ou genyen lè ou bay ranje machin ou.

### CHWAZI YON GARAJ

Rekòmasyon ou jwenn nan men manm fanmi ou, vwazen, zanmi, ak moun ki travay menm kote avèk ou gen dwa itil lè pou ou jwenn yon mekanisyen ou ka fè konfyans. Men kèk konsèy itil pou jwenn yon bon mekanisyen:

- Rele Divizyon Zafè Konsomatè Konte Broward la (Broward County Consumer Affairs Division) nan 954-357-5350 pou jwenn enfòmasyon sou estati lisans kay yon garaj. Si ou vini nan biwo a, ou gen dwa jwenn enfòmasyon sou kijan pou pote plent
- Lisans pou Kontwòl Garaj Konte Broward la (Broward County Auto Repair Regulatory License) ak Anrejistreman Garaj Florida la (Florida Auto Repair Registration) ap sou yon lis, ansanm ak nimewo telefòn ajans eta a pou kapab pote plent
- Sèvis areya pou kenbe pwòp, byen òganize epi tou ak ekipman modèn
- Règleman ki byen afiche, eksplikasyon klè sou zafè mendèv, jan pou peye avèk garanti w
- Yon direksyon ki pou twò kontan reponn keksyon w yo epi tou ki an mezi reponn yo
- Yon estaf ki pou byen resevwa w epi ki pou montre li vle ede w
- Teknisyen ki kalifye (chache sètifika antrènman tankou ASE ak AATI)

Konte Broward la ak Eta Laflorid la pase yon seri lwa ki la pou pwoteje konsomatè yo kont zak malonèt ak enjis ki gen pou wè avèk garaj. Lwa sou Reparasyon Machin Florida la (Florida Motor Vehicle Repair Act) bay konsomatè yo dwa sila yo:

Yon devyi detaye pou tout reparasyon ki depase \$100. Devyi sa a dwe gen ladan l :\*

- Non, adrès, ak nimewo telefòn garaj la
- Non, adrès, ak nimewo telefòn kliyan an
- Dat ak lè devyi a
- Ane, mak, modèl, milyaj ak nimewo plak machin ki pou ranje a
- Dat travay la ap fini
- Deskripsyon pwoblèm kliyan an ak sa li bezwen
- Si pri mendèv la detèmine alavans, si se pa è, oswa youn ou lòt
- Si pyès machin yo nèf, dezyèm men, rebati oswa rekondisyon
- Yon devyi ki di konbyen kòb reparasyon an pral koute
- Kobyan kòb devyi a koute oswa sou kisa yo baze pri devyi a
- Kijan kliyan an gen entansyon peye
- Non ak nimewo telefòn yon lòt moun ki gen dwa bay otorizasyon pou reparasyon yo
- Si yo bay kliyan an yon garanti; si gen yon garanti, ki kondisyon garanti sa a
- Eske kliyan an vle pou yo remèt li pyès ki chanje yo. (Gen de pyès yo pa kapab remèt bay konsomatè an; sepandan, ou gen dwa enspekte pyès yo)
- Konbyen kòb l ap koute pa jou pou kite machin nan kay mekanisyen an apre travay la fin fèt. (Yo paka fè kliyan an peye lè li kite machin nan toutotan yo pa fè li konnen reparasyon an fin fèt epi tou fòk yo bay kliyan an omwen twa jou pou vin chèche machin nan) Mekanisyen an dwe ba ou yon fakti lè reparasyon yo fini. Men ki enfòmasyon pou fakti an gen ladan l:
- Dat ak milyaj
- Deskripsyon travay yo fè a
- Pri mendèv, pyès ak lòt machandiz epi si pyès yo nèf, dezyèm men, refèt oswa ranje
- Si kliyan an gen yon garanti; epi si gen yon garanti, ki kondisyon garanti sa a

Toujou kenbe bil ou, resi ou ak papye garanti w!

Konte Broward la mande:

- Lisans pou Kontwòl garaj (Auto Repair Shop s Regulatory License)
- Asirans sou garaj la pou pwoteje machin kliyan an lè li la a
- Teknisyen ki sètifye nan domèn reparasyon y ap fè a

- Mekanisyen an dwe kontakte konsomatè a pou tout travay adisyonèl oswa si li bezwen plis kòb pase sa ki ekri sou devi li te bay la. Yo mande pou mekanisyen an ekri sou yon devi dat ak lè otorizasyon an, montan lajan li bezwen anplis la epi kliyan an asepte bay pou reparasyon yo, non moun ki bay otorizasyon an ak non moun ki resevwa otorizasyon an, epi yon deskripsyon travay yo otorize a \*

\* Lwa sou Reparasyon Machin nan (Motor Vehicle Repair Act) pèmèt mekanisyen an pou li ogmante kòb ki sou devi a san li pa kite kliyan an konnen rive \$10 oswa 10%, sa ki pi wo a, men li paka plis pase \$100. Fòm pou devi a kite w chwazi ant yon devi ki ekri, yon refi pasyèl oswa yon refi total devi a. Pa bliye chwazi youn nan opsyon sa yo, siyen epi ekri dat la sou fòm sa a.

## **KI JAN POU OU POTE PLENT KONT YON GARAJ**

Premye sa pou fè lè ou gen yon plent, se pale ak mèt oswa manajè garaj la. Sonje kat bagay sa yo:

1. Montre respè epi gade sanfwa w.
2. Eksplike pwoblèm nan byen. Bay tou sa ki rive epi montre kopi tout devi, fakti, ak garanti.
3. Di kisa ou panse pou yo ta fè pou regle pwoblèm nan.
4. Fè yo konnen si ou vle negosye; souvan, nan diskisyon, pèsòn pa gen rezon a 100%.

Dezyèm etap la se kontakte Divizyon Zafè Konsomatè Konte Broward la (Broward County Consumer Affairs Division) si ou panse mekanisyen an vyole yon lwa oswa pa vle regle pwoblèm ou an.

## **ANPECHE OSWA LIMITE REPARASYON KI KOUTE CHÈ**

Antretyen se kle nan zafè limite reparasyon ki chè oswa ou ka evite. Tankou reklam nan te konn di, "Se ou byen ou peye m kounye a ou byen ou peye m pita." Antretyen ki fèt regilyèman vin koute w mwens chè. Men de twa konsèy pou anpeche oswa limite reparasyon ki koute chè:

- Li liv machin nan pou jwenn enfòmasyon sou antretyen li
- Kenben tout papye ki gen pou wè ak sèvis ki fèt nan machin nan epi byen òganize papye sa yo.
- Tcheke likid machin nan yon fwa pa semèn: lwil, koulàn, ak likid transmisyon
- Chanje lwil ak filtè lwil lan jan moun ki fè machin nan di li a epi chanje filtè a lè sa nesèsè
- Fè tcheke sistèm refwadisman machin nan pou ou omwen chak ane
- Tcheke pwesyon kawotchou yo omwen yon fwa pa mwa epi chanje kawotchou yo jan liv machin nan rekòmande li a.
- Tcheke tout kouwa ak tiyo omwen de fwa nan ane a epi ranplase yo lè sa nesèsè.

Lè ou mennen machin ou kay mekanisyen pou fè sèvis oswa pou yon reparasyon espesifik, bay reprezantan sèvis la oswa mekanisyen ki pral fè reparasyon an detay sou pwoblèm machin nan genyen. Li toujou itil pou ou pote yon lis reparasyon oswa sèvis ou vle yo fè pou machin nan. Si gen yon bagay ou pa konprann, poze keksyon! Toujou mande pou devi a fèt sou papye.